

**ФАРНÆ ЦИ АДÆМÆЙ ЦÆУЙ, УОНÆН ÆДЗÆЛЛАГДЗИЙНАДÆЙ ТÆССАГ НÆЙ!..**

***Антон ЧЕХОВ (1860-1904), финсæг: «Амондгун адæймагæн æ цæрæнбунати æндегæй æ дуармæ гъæуама еске лæууа æма имæ рæстæгæй-рæстæгмæ бахуайа, цæмæй ин æ зæрдæбæл æрлæуун кæна, зæнхæбæл æнамонд адæм дæр ке цæруй, уæдта амонди фæсте æнамонддзийнадæ ке 'рлæууй, уой...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№48 (919) 2023 анзи 23 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман


# ТУХТОНÆГÆНÆГÆН – СУГЪЗÆРИЙНÆ АЙКÆ, ХУМÆТÆГ АДÆМÆН БА – УОТИД ХЪУÆДЕТ...

**Æруагæс ни кæнуй, зундгонд уруссаг аргъау «Гъолон карк æма айкæ» ке зондзинайтæ, е. Фал уин æй уæддæр уæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзинан.**
**Цæветтонгæ, еу зæронд лæг æма уосæн сæ карк разадæй айкæ – уой дæр хумæтæг айкæ нæ, фал – сугъзæрийнæ.**
**Цæмæдæр гæсгæ зæрæндти бафæндадтæй æ басæттун. Æма 'й лæг хуайунтæ байдæдта, фал ин æ басæттун нæ бантæстæй.**
**Уæд æй уосæ дæр хуайунтæ байдæдта, фал уой бон дæр ин неци бацæй...**
**Уæдмæ дин кæцæйдæр фæззиндтæй мистæ, æ думæгæй айкæ расхуста пъолмæ. Æма ниппурхæ 'й.**
**Дууæ зæронди кæун байдæдтонцæ, сæ хæдзари цидæриддæр адтæй дзаумауæй, уæдта дуæрттæ æма къæрæзгитæ дæр искатай æнцæ. Уой рауингæй, карк сæ сабур кæнуй, зæрдитæ син æвæруй, нæуæгæй уин айкæ низзайдзæнæн...**



Сергей МЕРЕНКОВИ конд хузæ «Сагъæсгæнæг».

Аци аргъау уомæ гæсгæ æримистан, æма, зæгъун æнгъезуй, махбæл дæр, Уæрæсей хумæтæг цæргутæбæл, еци дууæ зæрондей цау æрцудæй. Советон Цæдеси рæстæги нæмæ маргъдарæни кустадæ нæ бæсти гъæуон хæдзаради нимад цудæй тæккæ æнтæстгиндæр къабазæбæл. Уæдмæ советон цардарæзт фехалдæй, адæмон хæдзарадæ фæххæлæйфаг æй. Уотемæй маргъдарæн кустуæттæ дæр хецæн адæймæгути амæттаг бацæнцæ. Сæ нæуæг «хецæуттæ» бæргæ сомитæ кодтонцæ, гъома, маргъи фид æма æйкитæй хопъали уæнгæ уодзинайтæ. Фал... Аргъауи ци мисти кой цæуй, е дууæ зæрондей сæ айкæй куд фæффудевгед кодта, уотæ махбæл дæр сайд æрцудæй. Нæ, маргъ даруни кустуæттæ бунихæлд нæ фæцæнцæ, фал етæ иссæнцæ ке къохти 'нцæ, уонæн æгæрон пайдахæссæг, хумæтæг адæми уотемæй дæр æгудзæг есбестæй тухистгæнгæй. Маргъи фид дæр æма æйкитæ дæр бæргæ берæ 'нцæ, фал сæ аргъ ба, раст цума сугъзæрийнæй æнцæ, уотæ – еудадзуг ирæзунцæ æма ирæзунцæ. Уæрæсей статистикон управлени куд игъосун кæнуй, уотемæй маргъи айки аргъ аци анзи райдайæнæй фæхъхъазардæр æй 46 процентей бæрцæ, айдагъ ноябри – 15 процентей бæрцæ.

Еци ædзæсгондзийнадæ уоййасæбæл истингун кодта хумæтæг адæми æма сæ гъаст ракодтонцæ Уæрæсей Президент Владимир Путинæн, æрæги уомæн ци пресс-конференци адтæй, уой рæстæг. Æма е дæр исарази æй, маргъи кустгæнгути еци зудæдзийнадæн кæрон искæнун ке гъæуй, уобæл.

3


**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**


## НОМЕРÆН



## СÆРУСТУР СИ ÆНЦÆ ИРИСТОНИ ДÆР, СÆРУСТУР СИ ÆНЦÆ ХЪИРИМИ ДÆР...

Советон доги Киеви арæзт æрцудæй Устур Фидибæстон тугъди музей. Уоми мраморæй конд стеллитæбæл сугъзæрийнæй финст адтæнцæ Украинæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй уæгъдæ кæнгæй ка фескъуæлхтæй, еци советон тугъдонти номхигъдтæ. Уоми номхигъди тæккæ фиццаг финст æрцудæй Æбати Мæхæмæти фурт Æхсарбег. Æ ном ма æносонгонд æй, немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ уодуæлдайæй ци рауæнти тох кодта, уонæмити дæр.

Абони ба ин æ рохс ном имисæн ахсгиаг цаумæ гæсгæ – Советон Цæдеси Бæгъатæр Æбати Мæхæмæти фурт Æхсарбеги райгурдбæл 14 декабри исæнхæст æй сæдæ анзи (1923-1982). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.



## Æ БЕРÆ ХУÆРЗТÆ ИРОНХ НÆ 'НЦÆ!..

«...Цал æма цал хатти уидæ уотæ: дæс сахаттебæл операцигæнæн уати дуари сæрмæ иссодзидæ цирагъ æма си разинниддæ финст «Сабур. Ами кæнунцæ операци». Профессор Тахъулти Урухсан æ агъазгæнгути хæццæ тохи бацæуидæ адæймаги æ нези адзалæй фæйййервæзун кæнунбæл æма 'й зæрдрохс цардмæ раздахунбæл...»

Уотæ финсуй аци разагъди лæги туххæй, Цæгат Иристони паддзахадон медицинон академий профессор Сергей Плахтий. Еци æма ма æндæр æрмæгутæ ба абони мухур кæнæн (6-7-аг фæрстæбæл) уомæ гæсгæ, æма Устур Фидибæстон тугъди архайæг Цæгат Иристони науки æскъуæлхт архайæг, медицинон наукити доктор, профессор Тахъулти Тæтæрхъани фурт Урусхани райгурдбæл 16 декабри исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи (1913-1980).


http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Президент Владимир ПУТИН æрæги ци закъон бафинста, уомæ гæсгæ скъолати урокти пайдагæнæн нæ уодзæнæй мобилон телефонтæй – æнæгæнæн уавæртæй уæлдай. Уæдта ма 2024 анзи 1 сентябрæй фæстæмæ арæзт цæудзæнæнцæ фæллойни уроктæ нуриккон домæнтæмæ гæсгæ нæуæггондæй.***

## СОЦИАЛОН АГЪАЗ




Нæуæг анзи размæ æхцæуæн хабæрттæй еу е иссæй, æма Уæрæсей Хецауадæ федералон бюджетæй Цæгат Иристонæн социалон агъази хузи радех кæндзæнæй 377,4 миллион соми цæрæнуатон-коммуналон лæггæдтæбæл бафедунæн. Уонæй социалон агъазгонд ба кæмæн цæудзæнæй, етæ 'нцæ цалдæр социалон къуари, зæгъæн, инвалидтæн, тугъдон цаути ветерантæн, уæдта радиацион æма техногенон фидбилизти гъигæдард баййафæг адæймæгутæн. Коммуналон лæггæдти туххæй феддонтæн син сæ 50 проценти лæвæрд цæудзæнæнцæ лæвар. Æдеугурæй Цæгат Кавкази региотæн уæхæн нисанеуæгæй фæрæзнитæ лæвæрд цæуй 7,9 миллиард соми.

## НАЦИОН ПРОЕКТТÆ



Национ проектти анзи æнхæст кæнуни нисанеуæгæй нæ республикæн 2023 анзи гъæуама дехгонд æрцудайдæ 9,5 миллиард соми, уонæй 7,5 миллиард соми – федералон бюджетæй. Æма ци фæрæзнитæ лæвæрд æрцудæй, уони фæрци арæзт цæуй 170 объекти – куд нæугутæ, уотæ раздæри объекттæ дæр. Дзубанди цæуй ахурадон æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæ, культурæ, спорт, коммуналон хæдзарадæ, экологи æма фæндаггон инфраструктури объектти арæзтадæ, бундорон райарæзтбæл. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма еци гъуддæгутæ исаразуни фæдбæл кæмидæрти къулумпитæгонд цæунцæ, тæссаг æй афойнадæбæл æнхæстгонд ку не 'рцæуонцæ, уомæй.

## ЦÆРÆНУÆТТИ ÆРГЪТÆ



Уæрæсей бундорон есбойнади агентадæ «Мир квартир»-и æртасгутæ куд банимадтонцæ, уотемæй аци анзи райдайæнæй нурмæ нæ бæсти нæуæгарæзт хæдзæртти квадратон метри аргъ исхъæрттæй рæстæмбес нимадæй 126 мин сомемæ (гъома, 15 проценти ибæл бафтудæй), раздæри арæзт цæрæнуæтти квадратон метри аргъ ба исхизтæй 109 мин сомемæ (бафтудæй ибæл 14 проценти). Анзи райдайæнæй нуриуæнгæ нæуæгарæзт хæдзæрттæ тæккæ фулдæр фæхъхъазардæр æнцæ Мурмански (+35%), Челябински (+39%), Дæллаг Тагили (+43%), Магнитогорски (+46%) æма Махачкалай (+107%), раздæри арæзт хæдзæртти аргъ ба иннетæй фулдæр исирæзтæй Челябински (+43%), Магнитогорски (+40%), Дæллаг Тагили (+34%), Новокузнецки (+32%) æма Дзæуæгигъæуи (+30).

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ. НИСАНТÆ.

**Лæвар медицинон агъази фæдбæл паддзахадон зæрдæдарæнти территориалон программæ æнхæст кæнуни нисантæн 2024 анзи æхцай фæрæзнитæ фæффулдæр уодзæнæнцæ 1,5 миллиард соми æма исуодзæнæнцæ 14,8 миллиард соми. Уони фæрци нæ республики цæргутæн медицинон лæггæдти æмвæзадæ бæрзонддæр къæпхæнмæ исхездзæнæй. Æнæнездзийнади къабази нæмæ исæвзурдæнцæ нæуæг фæззелæнтæ дæр. Уæлдай фулдæр æргом раздахдзинан онкологон, эндокринологон æма зæрдидадзинтти незтæмæ.**

* * *

Нæ республики нæдти инфраструктури ирæзтæн уæлдайдæр ба хуæнхон рауæнти, иннæ анз нисангонд цæуй 6 миллиард соми. Кæронмæ фæуууодзæнæнцæ нæдтæбæл куститæ курорт «Мамисон»-и, идарддæр архайд цæудзæнæй Дигоргом æма Алагири район байеугæнæг нади арæзтадæбæл. Федералон автомобилон над Чикола-Мæцутæ-Коми-Арт арæзт фæцæй. Иннæ кустити хай ба уодзæнæй тъунели райарæзт 2024 анзи. Уотемæй, нæ республики еугур кæмттæ дæр байеу кæндзинан хуæрзгъæдæ нæдтæй, æма е агъаз фæуууодзæнæй туризми ирæзтæн.

* * *

**Нæ республики идарддæр æнхæстгонд цæуй, кæлæдздзаг цæрæнбунæтти ка цæруй, еци адæмæн нæуæг фатертæ раттуни программæ. Уой туххæй аци анзмæ нисангонд ихæс æнæгъæнæйдæр æнхæстгонд æрцудæй. Æртæ æма дууинсæй берæуæладзугон хæдзæртти æрцæрдзæнæнцæ 1200 адæймаги.**

* * *

Цæгат Иристони хузæгæнгути равдистити зали хуæрзæрæги байгон æй аллианзон равдист конкурс «Вернисаж года-2023».

* * *

**Цæгат Иристони скъолати киунугæдæнтти фонд фæффулдæр æй нæ маддæлон æвзагбæл финст дæс мин киунугей бæрцæ. Сæ авторæ 'нцæ нæ национ литератури номдзуд фингсутæ. Уæдта ма си ес фæсарæйнаг фингсути уадзимистæ нæ маддæлон æвзагмæ тæлмацгондæй.**

## НÆ БÆРÆГБÆНТТÆ НИН ЗÆРДРОХС КУД УОНЦÆ !..




# АДÆМИ ÆДАСДЗИЙНАДИ УАВÆРМÆ – УÆЛДАЙ ЦÆСТИНГАС

Нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Томайти Ирбег** æнæнгъæлæги уавæрти æма зингисервæститæ ма 'руадзуни фæдбæл арæзт сæрмагонд къамисæн ци æмбурд исаразта, уоми дзубанди цудæй, адæми æдасдзийнади фарстатæмæ зумæги æма Нæуæг анз бæрæг кæнуни рæстæг адæми æдасдзийнади сæрбæлтау æнæмæнгæ ци мадзæлттæ гъæуама арæзт æрцæуонцæ, уой фæдбæл.

Нæ республики æнæнгъæлæги уавæрти паддзахадон управлений разамонæги хуæдæййевæг, цæстдарæг архайд æма профилактикон кусти управлений хецау **Дзанайти Павел** куд фегъосун кодта, уотемæй, бæрæгбони мадзæлттæн ци фæзуæттæ исбæрæг кодтонцæ, уони еудадзуг бабæрæг кæнунцæ ведомстви косгутæ, уонæми бæрнон косгутæн лæдæрун кæнунцæ зингисервæститæ ма æруадзунæн æнæмæнгæ домæнтæ. Медгъуддæгути министради косгути хæццæ аразунцæ сæрмагонд рейдтæ, пиротехникон продукци кæми уæйæ кæнунцæ, еци 'рауæнтæмæ, æнæнгъæлæги сæмæ фæззиннунцæ. Уæхæн цуппар сæрмагонд тукани ес Дзæуæгигъæуи, еу ба – Мæздæги.

Районти разамонгутæн фæдзæхст æрцудæй, объектти æнæнгъæлæги цаутæ ма 'руадзуни туххæй исбæлвурдгонд гъæндзийнæдтæ райеуварс кæнун, уæдта цæмæй скъолатæ æма рæвдауæндæнттæмæ уæлдай бæрнондæр гъосдард æрцæуа.

Æмбурди ма дзубанди цудæй зуймон рæстæг дони объектти адæми хедаруни æдасдзийнади туххæй. Уоми ци куст цæуй, уой туххæй радзурдта æнæнгъæлæги уавæрти министради регионалон управлений дони объектти адæми æдасдзийнади хайади хецау **Кудзиати Тамерлан**. Уæлдай гъосдард рагацау уодзæнæй, рæхги ка уодзæнæй, еци Донæй аргъауæни бæрæгбони размæ.

Куд иннæ æнзти, уотæ бабæй нур дæр фæуустурдæр уодзæнæй, Цъæйи туристон кластермæ ци туристтæ 'рбацæудзæнæнцæ, уони нимæдзæ. Æма Уæрæсей æнæнгъæлæги уавæрти министради цæгатиристойнаг агорæг-ервæзунгæнæг къуари хецауи хуæдæййевæг **Плити Руслан** куд загъта, уотемæй курортмæ надбæл Цъæйдони сæрти хеди уавæрмæ æркæсун гъæуй. Хед арæзт æрцудæй 1969 анзи, 2017 анзи ба, дони æмвæзадæ карз уарунти фæсте ке исбæрзонд æй, уой фудæй æ галеу буцæу тæссаг уавæр исæвзурун кодта.

Цæгат Иристони транспорт æма фæндаггон инфраструктури комитети сæрдар **Солити Тариэл** куд фегъосун кодта, уотемæй, аци анз специалисттæ хедмæ базилдæнцæ. Фал хед æнæгъæнæй бундоронæй райаразуйнаг æй, æма уомæн фæрæзнитæ ка радех кæндзæнæй, уой исбæрæг кæнун гъæуй. Томайти Ирбег профилон ведомствæн байхæс кодта аци фарстамæ лæмбунæг æркæсун æма хеди уавæрмæ еудадзуг цæстæ дарун, уæлдайдæр – зуймон уавæрти рæстæг.

***Аци хабæрттæ нин фегъосун кодтонцæ нæ республики Сæргълæуæги æма Хецауади пресс-службæ.***

## АКТУАЛЬНАЯ ИНФОРМАЦИЯ

ВЫБОРЫ ПРЕЗИДЕНТА РОССИИ 15–17 МАРТА 2024

### ГБУ «РЕДАКЦИЯ РЕСПУБЛИКАНСКОЙ ГАЗЕТЫ «ДИГОРÆ» СООБЩАЕТ:

В связи с проведением 17 марта 2024 года выборов Президента Российской Федерации ГБУ «Редакция республиканской газеты «Дигорæ» в соответствии с пунктом 1.1 федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» и федеральным законом от 10 января 2003 года № 19-ФЗ «О выборах президента Российской Федерации» предоставляет на платной основе печатную площадь для размещения агитационных материалов в период проведения на территории РФ избирательной кампании по выборам Президента Российской Федерации. Предоставление платной газетной площади производится на основании письменной заявки и последующей жеребьевки.

Оплата производится со специального счета из средств избирательного фонда кандидата в Президенты РФ. Публикация материалов осуществляется на основании предварительной 100% оплаты не позднее, чем за два дня до выхода материала в газете.

Материалы должны быть представлены не позднее 5 дней до выхода газеты.

Стоимость платной печатной площади составляет:

Целая страница А-3 – 25 000

Половина страницы А-3 – 12 500 рублей.

Четверть страницы А-3 – 6 250 рублей.

Редакция также может оказать содействие в подготовке агитационных материалов с последующим размещением их на страницах газеты «Дигорæ». Стоимость работ – договорная.

Государственный регистрационный номер 1021500507918.

Телефоны для справок: 55-08-16; 25-22-56; 25-93-00.

**Уæрæсей æнæнгъæлти цаути министради ервæзунгæнæги Бон бæрæггонд цæудзæнæй 27 декабри. Зæрдиагæй арфæ кæнæн аци къабази еугур косгутæн дæр сæ бæрæгбони фæдбæл.**

*АЛИГЪЕРИ Данте (1265-1321), итайлаг поэт: «Бæргæ хæзнатæбæл ка ниддæвдæг уй, уомæн рæдау ун неци хузи ес, е ескæмæн хуарз ракæнунгъон нæй...» Раст цума Уæрæсей нури бонгинти туххæй загъд æй...*



## НÆ АБОНИККОН ЦАРДИУАГИ САГЪÆССАГ ФАРСТАТÆ



# ТУХТОНÆГÆНÆГÆН – СУГЪЗÆРИЙНÆ АЙКÆ, ХУМÆТÆГ АДÆМÆН БА – УОТИД ХЪУÆДЕТ?..

Аци фарстай фæдбæл дзоргæй, Президент загъта:

*– Хуæрзæрæги дзубанди кодтон Уæрæсей гъæууон хæдзаради министри хæццæ æма 'й бафарстон æйкити уавæри фæдбæл. Æма мин уой исхузæнон кæнунбæл куст цæуй æнæкъулумпийæй, зæгъгæ, ку загъта, уæд æй бафарстон, мадта уæд адæммæ ба уойбæрцæ фарстатæ кæцæй æвзуруй, айки аргъ 40 процентемæй фулдæр цæмæ гæсгæ фæхъхъазардæр æй, хецæн рауæнти ба никкидæр бæрзонддæрмæ дæр ма исхизтæй, уотæ карки фиди аргъ дæр.*

*Зондзинайтæ уой, æма, кæд бустæги зæрди фæндон нæ, уæддæр адæмæн се 'фтуйæгтæ фулдæргæнгæ цæунцæ, уони хæццæ ба ирæзуй кусти мизд дæр. Фал уæддæр берæ продукттæ уæлдай æхсицгæдæр гъæунцæ адæми. Уонæмæ хауй аслан уорсаг дæр. Æз мæхуæдæг дæр хъайлабæл æхцул дæн, мæ бон æ рæстæги адтæй сæумæй дæс айкей бæрцæ дæр бахуæрун…*

*Фал нур ци æрцудæй? Адæми гъæундзийнæдтæ фулдæр кæнунцæ, кустадон рауагъд ба, гъулæггагæн, нерæнгæ уæлдæр нæма кæнуй. Е дин фиццаг.*

*Дуккагæй. Афойнадæбæл нæ байархайдтан фæсарæнтæй æнæмæнгæ гъæугæ продукци бæрцæбæл ласуни куст банивæбæлдæр кæнунбæл. Зæгъæн, Турки хæццæ нæ экономикон бастдзийнæдтæ æма æмгустадæ хуарз уагæбæл æвæрд æй. Уотæ иннæ бæститi хæццæ дæр. Белоруси дæр цæттæ 'й айки продукцийæй Уæрæсе ефтонг кæнунмæ. Айдагъдæр гъæуй еци фарстатæмæ афойнадæбæл æргом фулдæр æздахун.*

*Уавæр исхузæнон кæнуни туххæй нæ унаффитæ хæстæгдæр рæстæги æнхæстгонд æрцæудзæнæнцæ æма декабри дуккаг æмбеси уавæр фæххуæздæр уодзæнæй. Æз мæ зæрдæ уобæл хъæбæр дарун.*

*Уомæ гæсгæ ба уи хатир корун, уæхæн сагъæссаг уавæр нæмæ ке исæвзурдæй, уой туххæй. Е комкоммæ хауй нæ хецауади архайдмæ. Афонæбæл ке нæ бакустонцæ айки продукци фæсарæнтæй ласунбæл, уоми ба ес айдагъдæр еунæг рæуагæ: гъавтонцæ (нæхе бæсти маргъи кустгæнгутæ –* ***Ред.****) сæхе продукцийæй фулдæр бакосун. Зæрдæ уин æвæрун, хæстæгдæр рæстæги уавæр цæхгæрмæ ке фæххуæздæр уодзæнæй, уомæй.*

Президенти аци загъдмæ гæсгæ, ба ма нæ фæндуй цубурæй зæгъун, адæми, уоййасæбæл ка истингун кодта, еци уавæр цæмæн рауадæй, уой туххæй.

Гъуди ма 'й кæндзинайтæ, хуæлци продуктти æргъти æрра ирæзтитæ фæстаг æнзти цалдæр хатти рауадæнцæ. Зæгъæн, 2021 анзи адæм агъазиау кезути лæудтæнцæ сауфагæбæл фæххуæст унбæл, 2022 анзи – сæкæрмæ, аци анз ба – æйкитæмæ. Уой фæдбæл уотæ кæд дзорунцæ, гъома, нæмæ æйкитæ балхæнунмæ фагæ нæййес, зæгъгæ, уæддæр е бустæги раст нæй. Кадæртæ еци нæхъæртондзийнæдтæ исаразунцæ уой фæрци фулдæр æхцатæ бакосуни фæндæй. Никки – товарон продукци куд фулдæр уагъд æма æлхæд цæуй, уотæ æ аргъ дæр бæрзонддæргæнгæ цæуй. Е кæд æдзæсгондзийнадæ нæй, уæд æй куд исхонæн ес? Уæдта еугæр бунæттон продукци нæ фагæ кæнуй, уæд æй æндæр бæститæй хъæртун кæнунбæл цæмæннæ байархайунцæ, гъуддаг ка гъæуама араза, етæ?..

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма нæхъæртондзийнадæ барæй исаразунцæ уæйæгæнгутæ дæр. Æндæра аци анзи дæс мæйей дæргъи айки продукций рауагъд æцæгæй ба фæффулдæр æй 2,3 процентти – æ бæрцæ иссæй 31,74 миллиарди. Уæхæн ирæзт уодзæнæй анзи кæронмæ дæр.

Уой хæццæ ба лæдæрд уа гъæуама е дæр, æма Туркæй æйкитæ ласуни гъуддаг дæр æ къæхтæбæл уотæ тагъд не 'рлæудзæнæй. Уомæн рæстæг гъæуй. Цалинмæ еци гъуддаг искоса, уæдмæ, ка 'й зонуй, æргътæ фæстæмæ дæр ма 'рхаудзæнæнцæ. Фал алли хатт дæр Нæуæг анз æма Комуадзæни бæрæгбæнтти рæстæг уæйæгæнгутæ барæй исбæрзонд кæнунцæ æйкити æргътæ. Æма уотæ цæмæй ма уа, уомæн ести исаразæн ес?

Æвæдзи ес, æма уой фæдбæл ба бæлвурддæрæй дзордзинан, нæ газети фæстæдæр ци æрмæгутæ ниммухур кæнуйнаг ан, уонæми.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта ХЕКЪИЛАТИ Маринæ.***

## ПАДДЗАХАДОН ГЪУДДÆГУТÆ ÆНХÆСТ КÆНУНÆЙ ИХÆСГИН ГЪÆУАМА ДЗУАПП ДÆТТУНГЪОН УА...



Устур Фидибæстон тугъди рæстæг тæссаг уавæр ку исæвзурдæй артагæй ефтонггади, уæд, дан, Сталин еци фарстай фæдбæл æмбурди, уæд нæ бæсти разамундæй еци къабазæбæл бæрнон адæймагæн, Николай Байбаковæн байихæс кодта, цæмæй æвæстеуатæй хъæбæр цубур æмгъудмæ игонгонд æрцæуонцæ уал æма уал нефтцъирæни. Байбаков хъæбæр батухстæй æма Сталинæн загъта, гъома, уæхæн цубур рæстæгмæ уал нефтцъирæни байгонгæнæн неци хузи ес. Сталин еци æвæлмастæй загъта:

– Уодзæнæй нефть – уодзæнæй Байбаков, нæ уодзæнæй нефть – нæ уодзæнæй Байбаков…

Æма æмгъудæй раздæр нæуæг нефтцъирæнтæ игонгонд æрцудæнцæ Татарстани æма Башкирий – нисангонд бæрцæй еу фулдæр, уотемæй…

* * *

Сталин, дан, Гурдзий компартий Центрон Комитети фиццаг секретарь А.Мгеладзей хæццæ рацо-бацо кодта æ кунцеваг дачи аллейитæбæл æма 'й хинцта, уоми æ дзæхæрадони æхуæдæг ци лимонтæ æрзайун кодта, уонæй.

– Исахуадай си, атæ ами, Мæскуй дæлвæзи, æрзадæнцæ!..

Гъе уотæ сæ радзубандитæбадзубандити рæстæг цалдæр хатти иской кæнидæ:

– Исахуадæ си, хуарз лимонтæ 'нцæ!..

Уæдмæ ин æ еци дзубандий «æхсилкъæ» иуазæг дæр балæдæрдтæй.

– Æмбал Сталин, федарæй зæрдæ æвæрун: авд анземæ Гурдзи лимонтæй æнæгъæнæ бæстæ дæр исæнæмæтæ кæндзæнæй æма сæ фæсарæнтæй ласун нæбал гъæудзæнæй.

– Хуцауæй арази, ниггæмæрзæ 'й кодтай, – загъта Сталин…

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Недзаманти, дан, еу паддзах æ фæсдзæуинтти хæццæ æ бæхбæл имонауæй цудæй сахари гъæунгти. Адæм сæ хæдзæрттæй рацудæнцæ, æма паддзах сæ размæ ку 'рбахъæртидæ, уæд сæ уæрагисæртæбæл æрхауиуонцæ. Айдагъдæр еу мæгургор æ бунатæй æзмæлгæ дæр нæ фæккодта. Паддзах æй æрæстæфтæй æма 'й æ фæсдзæуинттæн еци лæги æхемæ 'рбацæун кодта. Паддзах æй фæрсуй, адæм, дан, мæ рази сæ уæргутæбæл ку 'рхаунцæ, уæд ду ба ка дæ, ци дæ, уони цæмæннæ фæнзис?

Мæгургор уотæ:

– Етæ дин дæ бæрзонд бадæн, дæ цийиес, де 'хцати размæ 'рхаунцæ сæ уæрагисæртæбæл. Хуцауæй арази, еци рæуагитæ мæнмæ нимади дæр нæ 'нцæ. Æма син уæд гъæуама цæмæн ковон мæ сæрæй, цæмæн æрхауон мæ уæрагисæртæбæл? Уæдта дæуæн ци дууæ хецауи ес, етæ мæнæн ба мæ цагъартæ 'нцæ.

Паддзах фурмæстæй рафæлорс æй æма фæгъгъæр ласта:

– Ци зæгъунмæ гъавис уомæй?

– Дæуæн дæ хецæуттæ Маст æма Зудæ 'нцæ. Мæнæн ба етæ мæ цагъартæ 'нцæ, – загъта мæгургор.

Паддзах балæдæрдтæй, лæг раст ке дзоруй, уой. Æ бæхæй æрхизтæй æма ин æ сæрæй ниллæг ракувта.

* * *

*Цума, еци паддзахи хузæн сæ сæризунд æ кеми æрцæудзæнæй, абони Уæрæсей маст æма зудæ сæ уодиконди кæмæн æнцæ, еци хецауеуæггæнгутæн? Кæдимайди ба хумæтæг адæм фæййервæзиуонцæ, уони сæргъæн миути фудæй ци гъезæмарæдзийнæдтæй исгъигæ 'нцæ, уонæй. Æдзæллагдзийнæдтæ ба нæмæ нæ абони цардарæзти æгæрæй-æгæр фулдæр ке ес, уой еума хатт бавдиста, Уæрæсей Президентæн æрæги ци пресс-конференци адтæй, е.*



**Уильям ШЕКСПИР (1564-1616), англисаг драматург: «Денгизи кæсæлгитæ дæр адæмæй уæлдай нæ 'нцæ: устурдæртæ хуæрунцæ минкъийдæрти…»**

* * *

Æцæгæйдæр уотæ ке æй, уони абони нæхебæл ку æвзарæн. Устурдæртæ, гъома, нæ цардиуаги хабæрттæ аразуни мадзæлттæ ке къохти 'нцæ, етæ нин гъезæмæрттæ æвзарун кæнунцæ, æнæмæнгæ гъæуйнæгти, уæлдайдæр ба хуæлци æргътæ алли æримисгæ рæуæнттæй бæрзондæй-бæрзонддæр кæнунцæ. Тæрсгæ дæр нецæмæй кæнунцæ, уомæн æма карзæй бауорамæг ба нерæнгæ нæма ес… Æма е нихъуæрди нихъуæрд нæй?!



**Михаил ЛЕРМОНТОВ (1814-1841), поэт: «Цъифдзастæй ка рахилдæй, е сугъзæринттæбæл æхе ниццавта…»**

* * *

Советон Цæдеси фехæлдæй фæппайда кæнгæй, нæ еугурадæмон есбойнадæбæл æхе ка ниццавта æма ибæл фæххæлæф кодта, етæ ба уотид цъифдзастæй нæ рахилдæнцæ, фал сæ уодиконд æнæгъæнæйдæр цъифдзастæ разиндтæй. Е уæлдай æргомæй разиндтæй мæнæ нур, нæ Фидибæсти нихмæ не 'знæгтæ аллихузон фудмиутæ ку аразунцæ, уæд сæхе куд æведауцæй равдистонцæ, беретæ ба си еци фудгæнгути æмдзæхдон ку иссæнцæ, уæд.



**Абай КУНАНБАЕВ (1845-1904), казахаг поэт: «Хуарз унаффæмæ къæрнæх дæр, фудгæнæг дæр, хийнæйдзæгтæ дæр неци хузи байгъосдзæнæнцæ…»**

* * *

Æма уотæ байгъосунгъон ка нæй, уонæн хуарз унаффитæ кæнунбæл нæ рæстæг дæр æма нæ уоди хъауритæ дæр цæмæн харз кæнæн, кæд æма е дзæгъæли нæй. Еугæр нин уони миутæ зæранхæссæг æнцæ, уæд си дзуапп уæхæн карзæй агорун гъæуй, цæмæй нæ цард нин æнадæгæнæг æма ихалгутæ тæрсонцæ, фудвæндитæ аразун ма 'ндеуонцæ.

**Уæрæсей æскъуæлхт артисткæ, Цæгат Иристони адæмон артисткæ Мистулати Дзибоккай кизгæ Ирини райгурдбæл 25 декабри æнхæст кæнуй цуппаринсæй анзи (1943-2012).**

***Советон ӕфсӕдтӕ 1943 анзи августи-декабри ци размӕмпурсӕн мадзӕлттӕ исаразтонцӕ, уони фӕрци фӕууӕлахез ӕнцӕ цӕугӕдон Днепрбӕл тохи. Сӕ агъазиау ӕскъуӕлхтдзийнӕдти туххӕй 2438 ӕфсӕддони, сержанти, афицери ӕма инӕларемӕн аккагонд ӕрцудӕй Советон Цӕдеси Бӕгъатӕри ном.***



ӔБАТИ Ӕхсарбег (астӕуӕй лӕууй) Устур Фидибӕстон тугъди хъазауатонти хӕццӕ Цитгин Уӕлахези кадӕн цитгин мадзали.

# СӔРУСТУР СИ ӔНЦӔ ИРИСТОНИ ДӔР, СӔРУСТУР СИ ӔНЦӔ ХЪИРИМИ ДӔР...



**ХЕКЪИЛАТИ Маринӕ,**
журналист

Ӕбати Ӕхсарбеги туххӕй нӕ дзубанди Киеви Устур Фидибӕстон тугъди музейи койӕй райдайгӕй «адтӕй», зӕгъгӕ, хумӕтӕги нӕ баханхӕ кодтан. Уомӕн ӕма, кӕддӕр нин ӕнсувӕрон ка адтӕй, еци Украини нуриккон нацисттӕ хецауеуӕг кӕнун ку райдӕдтонцӕ, уӕд советон цардарӕзти хӕццӕ баст цидӕриддӕр адтӕй, уони дӕрӕн кӕнун байдӕдтонцӕ, сӕ адӕми син германиаг цагъарддзийнӕдӕй ка фӕййервӕзун кодта, еци Сурх Ӕфсад дӕр син знаг фестадӕй, сӕ тогмондаг знагӕй иссӕребарӕгӕнӕги ӕрбалӕборӕг фестун кодтонцӕ… Етӕ ӕррати миутӕ 'нцӕ, ӕма ӕррати догӕ ба берӕ нӕ хӕссуй. Цидӕр уа, уӕддӕр еу бони сӕри рӕстдзийнадӕ бабӕй уӕлахезон исуодзӕнӕй.

Махӕн ба нӕ адӕми еугур фӕлтӕрӕн дӕр нӕ фидтӕлти кадӕ ӕма намус гъӕуама цитгийнаг уонцӕ, ӕма сӕ еци цитгинӕй гъӕуама бафӕдзӕхсӕн нӕ исонибони фӕлтӕртӕн дӕр.

Уомӕ гӕсгӕ ба имисдзинан ӕма цитгин кӕндзинан Фидибӕсти сӕрбӕлтау рӕстуодӕй ка хъазауат кодта ӕма кӕнуй, уони. Уонӕй еу ӕй Советон Цӕдеси Бӕгъатӕр Ӕбати Мӕхӕмӕти фурт Ӕхсарбег.

Ӕбати Ӕхсарбег райгурдӕй 1923 анзи 14 декабри Киристонгъӕуи фӕллойнӕгӕнӕг зӕнхкосӕги бийнонти 'хсӕн. Ӕ мадӕ ӕма ӕ фидӕ нимад адтӕнцӕ гъӕубӕсти цӕргути 'хсӕн фӕллойнӕуарзагӕ, зӕрдхӕлар, рӕстзӕрдӕ, хумӕтӕг ӕма ӕгъдаугин адӕмбӕл. Сувӕллӕнттӕ син адтӕй аст – фондз фурти ӕма ӕртӕ кизги. Ахур сӕ кодтонцӕ фӕллойнӕ кӕнунбӕл, хуӕрзӕгъдау унбӕл. Ӕхсарбег, скъолай ахур кӕнгӕй, каникулти рӕстӕг алкӕддӕр е 'нсувӕрти хӕццӕ куста колхоз «Партизан»-и будурти.

Сӕ царди хабӕрттӕбӕл ӕновудӕй архайгӕй, бийнонтӕ райдзастдӕр исонибонмӕ куд нӕ бӕлдтайуонцӕ. Фал сӕ еци бӕлдитӕй фӕффудевгед ӕнцӕ – райдӕдта Устур Фидибӕстон тугъд, ӕма уонӕбӕл нӕбал адтӕнцӕ, ӕндӕр гъуддӕгутӕ ранцадӕнцӕ сӕ усхъитӕбӕл.

Ӕхсарбег ма уӕд скъолай ахур кодта, фал ин уӕди уавӕртӕмӕ гӕсгӕ ӕ ахур уадзгӕ рауадӕй. Иннети хӕццӕ колхози косун райдӕдта. Уӕдмӕ имӕ – 1942 анзи августи фӕдздзурдтонцӕ ӕфсади рӕнгъитӕмӕ ӕма иссӕй тугъдон. Еци анз октябри ба архайун райдӕдта Кавказ багъӕуай кӕнунбӕл тогкалӕн тугъдтити. Адтӕй уӕззау рӕстӕг. Фашисттӕ ӕрбахъӕрттӕнцӕ Кавкази хуӕнхрӕбунтӕмӕ. Ӕверхъау тогкалӕн тугъдтитӕ цудӕнцӕ Цӕгат Иристони зӕнхӕбӕл. Ӕхсарбег бахаудтӕй дуккаг гвардион фестӕг ӕфсади дивизий ӕхсӕзӕймаг полкмӕ. Е тох кодта Иристони зӕнхӕбӕл. Фиццагидӕр Ӕхсарбег тугъди цӕхӕри бацудӕй 1942 анзи октябри кӕрони Лескен ӕма Чиколай фалдзос тугъдтити рӕстӕг. Фашистон ӕфсӕдтӕ ӕрбатудтонцӕ Нальчикки бунмӕ не 'фсӕдти гъӕуайкӕнуйнадон фронт ӕма сӕ них исаразтонцӕ Дзӕуӕгигъӕумӕ. Сурхӕфсӕддонти минкъий къуар, се 'хсӕн Ӕхсарбег дӕр, бахаудтӕй знаги ӕртухсти цӕги. Фал гвардионтӕ нӕ фӕттарстӕнцӕ. Ӕхсӕз сахаттемӕй фулдӕр бӕгъатӕрӕй тох кодтонцӕ фашистон танкитӕ ӕма бронетранспортерти нихмӕ, пурхӕ сӕ кодтонцӕ гранаттӕй, топпитӕ ӕма автоматтӕй цагътонцӕ размӕмпурсӕг гитлеронти.

Еци тугъди Ӕхсарбег мӕрдтӕмӕ барвиста дӕс фашисти, фӕццӕф ӕй ӕ рахес къох ӕма галеу къохӕй райдӕдта ӕхсун гранаттӕ. Е 'мгъӕуккаг Гъуцъунати В. уӕззау цӕф ку фӕцӕй, уӕд ӕй командири бардзурдмӕ гӕсгӕ рахаста тугъди цӕхӕрӕй ӕма 'й медпунктмӕ бахъӕртун кодта.

Дуккаг Гвардион дивизиони хӕйттӕ 1942 анзи декабри кӕрони ӕмпурсун райдӕдтонцӕ размӕ, Иристони зӕнхӕ знагӕй уӕгъдӕ кӕнгӕй. Ӕхсарбег архайдта ӕ райгурӕн Киристонгъӕу исуӕгъдӕ кӕнунбӕл тугъдтити. Ӕфсӕддон ӕсгаргути минкъий къуари хӕццӕ е фиццаг бацудӕй ӕ райгурӕн гъӕумӕ. Гвардионтӕ архайдтонцӕ нифсхастӕй, дӕрӕн кодтонцӕ знаги техникӕ ӕма тохӕндзаумӕуттӕ, ӕфсӕддонти. Уӕдмӕ фӕззиндтӕнцӕ дивизий сӕйраг тухтӕ ӕма гитлеронтӕ ледзӕги фӕцӕнцӕ. Ӕхсарбегӕн ӕ райгурӕн хӕдзарӕмӕ бауайуни усмӕ фӕцӕй, рауидта хеуӕнтти ӕма уайтӕккӕдӕр фӕннӕхстӕр ӕй идарддӕр, знаги пурхӕ кӕнгӕй.

Знагӕй уӕгъдӕ кодта Сурх-Дигорӕ, Чикола, Хӕзнидон, Толдзгун. Уотемӕй ӕй ӕрӕййафта 1943 анзи фиццаг январь. Ӕхсарбег архайдта сахартӕ Нальчик, Ессентуки, Кисловодск, Черкесск, Армавир, Усть-Лабинск, Крымск знагӕй исуӕгъдӕ кӕнунбӕл тугъдтити.

Ӕбати Ӕхсарбег 1943 анзи сӕрди ӕма фӕззӕги еустур лӕгдзийнадӕ ӕма бӕгъатӕрдзийнадӕ равдиста, фашисттӕ Кубани «Голубая линия», зӕгъгӕ, ци федӕрттӕ исаразтонцӕ, уони ратонунбӕл ӕма Тамани ӕрдӕгсакъадах исуӕгъдӕ кӕнунбӕл тугъдтити. Еци тугъдтити фӕдбӕл дивизий еугур ӕфсӕддонтӕн дӕр райарфӕ кодта Уӕлдӕр Сӕйрагкомандӕгӕнӕг И.В.Сталин. Уой фӕсте ма уӕхӕн кадгин арфи финстӕгутӕ Ӕбай-фурт райста ӕстдӕс хатти. Кавказбӕл тохи ӕ тугъдон ӕскъуӕлхтдзийнӕдти туххӕй хуарзӕнхӕгонд ӕрцудӕй майдантӕ «Тугъдон ӕскъуӕлхтдзийнӕдти туххӕй» ӕма «Кавказ багъӕуай кӕнуни туххӕй». Исаккаг ин кодтонцӕ гвардий сержанти цин.

Устур Фидибӕстон тугъди историй зингӕ бунат ахӕссунцӕ 1943 анзи фӕззӕги советон ӕфсӕдти бахизт Керчи донбакӕлӕнбӕл Хъиримӕмӕ, ӕма 'й 1944 анзи уалдзӕги знагӕй исуӕгъдӕ кӕнунбӕл тугъдтитӕ. Уоми лӕгдзийнадӕ ке равдиста, уой туххӕй Ӕбати Ӕхсарбегӕн исаккаг кодтонцӕ Советон Цӕдеси Бӕгъатӕри ном. «Кубани дӕлвӕзтӕ ӕма Тамани ӕрдӕгсакъадах знагӕй иссӕребарӕ кӕнунбӕл тугъдтити, Ӕбати Ӕхсарбег Мӕхӕмӕти фурт ӕхе равдиста ӕцӕг гвардионӕй» – финст ес ӕ бӕгъатӕрдзийнади туххӕй документи. Адтӕй 1943 анзи 2 ноябри Керчи ӕрдӕгсакъадахмӕ фиццагидӕр ци десантон тухтӕ гӕлст ӕрцудӕй, уони хӕццӕ.

Знаги пулемет е 'хсунӕй ӕрӕхгъӕдта, бӕрзӕндӕ 63,0 байахӕссунӕн ка тундзтӕй, еци советон тугъдонтӕн. Гвардий сержант Ӕбай-фурт бабурдӕй знаги къилдунмӕ, искунӕг кодта пулеметӕйӕхсути. Уомӕй фадуат равардта еци бӕрзӕндӕ байсунӕн.

Тугъд цудӕй Керчи райони гъӕу Маяк фашистӕй исуӕгъдӕ кӕнунбӕл. Фӕстӕмӕ ӕздӕхӕг фашистон ӕфсӕддонти къуари еу вӕрсти рахезгӕй, Ӕбати Ӕхсарбег ӕрӕхгъӕдта уонӕн сӕ над. Сӕ хӕццӕ тох кӕнгӕй, рамардта знаги авд ӕфсӕддони, дууӕй ба уацари райста. Байста си ӕртӕ автомати ӕма топпи.

Бӕрзӕндӕ 175-аг рази баталон уорӕдта знаги контратакитӕ. Хъауритӕ ӕмхузон нӕ адтӕнцӕ. Фашисттӕ сӕ еугур тухтӕ дӕр ӕрӕмбурд кодтонцӕ еци бӕрзӕндӕбӕл, артиллерий, минометти агъазӕй цалдӕр хатти атаки рацудӕнцӕ нӕ десантонти нихмӕ. Тугъдӕн ӕ тӕссагдӕр усми Ӕбати Ӕхсарбег, е 'мбӕлттӕмӕ фӕрдздзоргӕй, знагбӕл ехуарӕгау топпадзагъд исамадта, уой фӕсте лӕгӕй-лӕгмӕ тугъди бацудӕй. Е 'мбӕлттӕ ӕй бафӕнзтонцӕ ӕма исистадӕнцӕ знаги нихмӕ. Хъазауатон тохи фашистти фӕлледзӕги кодтонцӕ.

Дууӕ бонемӕ Ӕбай-фурт ниццагъта дууадӕс ӕма инсӕй фашисти. Уацари райста знаги цуппар ӕфсӕддони.

Райгурӕн бӕсти сӕрбӕлтау бӕгъатӕрӕй тохӕг, е 'хсардзийнадӕй тугъдонти зӕрдити фӕууӕлахез унмӕ нифс ка бауагъта, еци ӕмбал Ӕбай-фурт ӕй Советон Цӕдеси Бӕгъатӕри ном ин раттуни аккаг».

Аци документи сӕ къохтӕ бафинстонцӕ ӕхсӕзӕймаг гвардион полкти командир болкъон В.С. Александровский ӕма штаби хецау майор Н.В. Сапожников. Еци гъудий хӕццӕ исарази ӕй дивизий командир инӕлар-майор Ф.В. Захаров. 1944 анзи 16 майи ССР Цӕдеси Сӕйраг Советы Президиуми Указмӕ гӕсгӕ Ӕбати Ӕхсарбегӕн лӕвӕрд ӕрцудӕй Советон Цӕдеси Бӕгъатӕри кадгин ном.





Ӕбати Ӕхсарбеги бюст Дигорай Кади Аллейи.





Къӕйдорӕй конд мемориалон фӕйнӕг Ӕбати Ӕхсарбегӕн ӕ райгурӕн хӕдзари фарсбӕл.





Ӕбати Ӕхсарбеги номерӕни стенд мемориалон комплекс «Барбашови будур»-и.

***Уони ’хсæн адтæнцæ не ’мзæнхонтæй дæр дæс тугъдони: БЗАРТИ Геуæрги, БУТАТИ Геуæрги (фæсмæрдæ), ХЪОЗОНТИ Сардион, Григорий КОРНЕЕВ, Игорь МАШКОВ, Борис МИТЬКИН, МОРГУАТИ Бек, Василий НИКОЛАЕВ, СÆБАНТИ Григорий, ЦХУРБАТИ Иван (фæсмæрдæ).***





**Дигорай 3-аг астæуккаг скъола хæссуй Æбати Æхсарбеги ном.**

Æбати Æхсарбег 1944 анзи апърели-майи архайдта сахартæ Керчь, Алуштæ, Ялтæ æма денгизон намуси сахар Севастополь исуæгъдæ кæнунбæл тугъдтити. Полк хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Турусай орденæй. Еци æскъуæлхтдзийнæдти адтæй Æхсарбеги байвæрæн дæр. Уæззау тугъдтити Æхсарбег бабæй фæццæф æй, райста контузи, фал уæддæр тох кодта идарддæр.

Ралæудтæй уæлахезхæссæг 1945 анз. Æбати Æхсарбег архайдта немуцаг-фашистон æфсæдтæй Прибалтикæ, Польшæ, Искæсæн Пруссе исуæгъдæ кæнунбæл, Берлин байсунбæл тугъдтити. Сахар Шауляй (Литва) фалдзос тугъдтити ци æскъуæлтхдзийнæдтæ равдиста, уони туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Стъалуй орденæй.

Æбати Æхсарбеги тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй æ рæстæги финст æрцудæй аллихузон киунугути, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити. Уой фæдбæл æримисдзинан еу хабар.

Зундгонд куд æй, уотемæй советон доги агъазиау æргом æздæхт цудæй ирæзгæ фæлтæрти патриотон гъомбæлади фарстатæмæ. Уотæ Цæгат-Кавказаг хуæнхон-металлургон институти дæр, арæзт си цудæй берæ аллихузон дзиллон мадзæлттæ. Зæгъæн, 1974 анзи аци ахургæнæндони студенттæ устур къуарæй балций адтæнцæ 38-аг Новороссийскаг хуæнхон-фестæг æфсæддон дивизий тохи намуси рауæнти. Еци рæстæг ма рабалци кодтонцæ Хъиримæ – бæгъатæр сахартæ Керчь æма Севастопольмæ.

Сахар-бæгъатæр Новороссийски уогæй син аци сахар гъæуайгæнæг ветерантæ студенттæн балæвар кодтонцæ киунугæ «Хъиримбæл тугъдтити бæгъатæртæ». Е мухурæй рацудæй Симферополи. Киунугæн раздзурд ниффинста Советон Цæдеси Маршæл, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр А. Василевский.

Киунугæ байгон æй не ’мзæнхон Æбати Æхсарбеги туххæй очеркæй. Мæнæ си еу скъуддзаг: «Сæумицъæхтæбæл ба – нæуæгæй атакæ. Мæлæтдзаг цæф фæцæй командир. Æма уæд фæззиндтæй сержант Æбати Æхсарбег, æма æ гъæлæсидзаг нигъгъæр кодта:

– Æмбæлттæ! Гвардионти кадгин ном ма фæхходуйнаг кæнæн. Размæ, Райгурæн бæсти сæрбæлтау размæ!..

Топпи нæмуг ин æ сæрæй æ ходæ фехста. Фал Æхсарбег уой æстæфгæ дæр нæ бакодта. Уадæй размæ. Фæккастæй фæстæмæ, æма, æфсæддонтæ еугурæйдæр æ фæдбæл ке уайунцæ, уой ку рауидта, уæд никки фæннифсгундæр æй.

– Ур-а-а-а! – райгъустæй советон гвардионти нæргæ гъæр. – Размæ, Райгурæн бæсти сæрбæлтау размæ!..

Мæнæ æрбахъæрттæнцæ знаги акъоппитæмæ. Æхсарбег еугурей разæй ниггæпп кодта уордæмæ. Байеудагъ æй лæгæй-лæгмæ тох. Знаг састи бунати байзадæй.

Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте бабæй нæуæгæй рампурстонцæ устур обауи ’рдæмæ. Гвардий сержант Æбати Æхсарбег нур дæр цудæй еугурей разæй. Е фиццаг бахъæрттæй обаумæ. Æ къохи адтæй Сурх Туруса. Æма имæ уотæ кастæй, цума еци туруса уинунцæ айдагъ атаки æмпурсæг æфсæддонтæ нæ, фал æ иристойнаг æмзæнхонтæ дæр».

Аци киунуги ма мухургонд æрцудæнцæ не ’мзæнхонтæ, Советон Цæдеси Бæгъатæртæ Дойати Давид æма Хъоцти Константини туххæй очерктæ дæр.

* * *

Тугъд рахецæн æй. Æхсарбег æрæздахтæй æ райгурæн Киристонгъæумæ. Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте каст фæцæй Дзæуæгигъæуи æфсæнвæндаги техникум. Дæс анзей дæргъи фæккуста Узбекистани ССР-и æфсæнвæндæгти системи. Фал æ зæрдæ дзурдта æ райгурæн бæстæмæ. Æма æрæздахтæй. Косун райдæдта Цæголи-фурти номбæл совхози. Куста хумæтæгдæр бунæтти. Уой фæсте ба – Дигорай автотранспортон кустуати. Æ зæрдиаг фæллойни туххæй ин адтæй кадæ æма намус. Адæми ’хсæн цардæй лимæн æма ездонæй.

Аци номдзуд зæрдхæлар, адæмуарзон æма адæмæн уарзон адæймаг абони, гъулæггагæн, не ’хсæн кæд нæбал æй, (æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1982 анзи 13 майи), уæддæр нæ дзиллæй иронх нæй – цæруй, ка ’й зудта, уони имисуйнæгти æ кадæн рæстæгæй-рæстæгмæ арæзт æрцæуунцæ аллихузон номерæн мадзæлттæ. Æ ном лæвæрд æрцудæй Дигорай 3-аг астæуккаг скъолайæн. Уой директори хуæдæййевæг гъомбæладон кусти фæдбæл Едзати Тамарæ нин куд радзурдта, уотемæй сæ ахургæнæндонæ бундорон исцалцæг кæнуни фæсте нæуæгæй байгон æй хуæрзæрæги, декабри райдайæни. Æма æ коллективæн кæд уоййасæбæл фагæ рæстæг нæ адтæй, Æбати Æхсарбеги райгурдбæл сæдæ анзи ке исæнхæст æй, еци ахсгиаг цау парахаттæй исцитгин кæнунæн, уæддæр æновудæй байархайдтонцæ цалдæр номерæн мадзали исаразунбæл. Зæгъæн, Æбати Æхсарбег уæлдай æхсаргинæй фескъуæлхтæй хъиримаг сахар Керчь немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнунбæл тугъдтити. Æма еци сахари абони дæр арфиагæй цитгин кæнунцæ не ’мзæнхон бæгъатæри рохс ном. Æрæги ба Дигорай æ номбæл скъолай æма Керчи 28-аг скъолай коллективтæ исаразтонцæ цæмæдесаг номерæн мадзал телебастдзийнади фæрци. Æбати Æхсарбеги, уæдта Устур Фидибæстон тугъди хæццæ баст берæ гъуддæгути фæдбæл фæххабæрттæ кодтонцæ, уæдта ма бадзубанди кодтонцæ сæ идарддæри æмгустади туххæй дæр.

Æбати Æхсарбеги рохс ном ма цитгингонд æрцудæй цалдæр æндæр мадзалемæй. Дигорай ци хæдзари райгурдæй æма ирæзтæй, уой фарсбæл æвæрд ес къæйдорæй конд мемориалон фæйнæг. Æ рæстæги Дигорай ци автотранспортон кустуати куста, е кæми æрбунат кодта, еци гъæунгæн дæр лæвæрд æрцудæй Бæгъатæри ном. Мемориалон бюст ин æвæрд æй Дигорай Кади Аллейи дæр. Æ ном æносонгонд æй, Гизæлмæ хæстæг Барбашови будури мемориалон комплекси дæр.

* * *

***Нæ радзубандий кæронбæттæни ба зæрдиагæй арфæ кæнæн Дигорай Цæголти Геуæргий номбæл мемориалон музейи коллективæн, аци æрмæг мухурмæ цæттæ кæнгæй нин ке фæййагъаз кодтонцæ, уой фæдбæл.***


**Дигорай ÆБАТИ Æхсарбеги номбæл скъолай арæзт номерæн мадзали рæстæг.**




# БÆГЪАТÆРТÆН КАДÆ КÆНУНЦÆ КÆСТÆРТÆ

Адæмтæй алке цардарæзти дæр фæууй, феронхгæнæн кæмæн нæййес, дзиллити зæрдити æностæмæ ка байзайуй, уæхæн цаутæ – кæцидæртæ си фæуунцæ цийнаг, кæцидæртæ ба – хъонцкæнуйнаг. Æма нæ адæмæн уæхæн зæрдресæн цау иссæй 1941 анз, немуцаг-фашистон æрдонгтæ тогмондагæй нæ Фидибæстæмæ ку ’рбалæбурдтонцæ. Уæд мингай тугъдонтæ рандæнцæ райгурæн зæнхæ знагæй багъæуай кæнунмæ.

Еци æхсаргин тугъдонти хæццæ адтæнцæ Лескени фæсевæд дæр. Тугъдмæ аци гъæуæй ци 734 адæймаги рандæнцæ фæдесонтæй, етæ хъазауатонæй тох кодтонцæ знаги нихмæ. Фал тугъд æверхъау хабар æй, æма уонæй 334 нæбал исæмбалдæнцæ сæ фидиуæзæгбæл, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау.

Кæд тугъди фæсте берæ æнзтæ рацудæй, уæддæр зингхуст лæхъуæнти нæмттæ иронх нæ ’нцæ. Сæ фарнæ син идарддæр хæссунцæ гъæубæсти нæуæг фæлтæртæ.

«Лескени бæгъатæр тугъдонтæн, райгурæн бæстæмæ æнæкæрон уарзондзийнадæ æма сæ æнæмæлгæ æскъуæлхтдзийнæдти кадæн» – уæхæн нисани хæццæ фембæлд æрæги адтæй Лескени астæуккаг скъолай. Ахурдзаутæ сæхе зæрдиагæй цæттæ кодтонцæ. **Бузарти Заур**, **Фатимæ Мусаддинова**, **Хъарати Аскар** æма иннетæ радзурдтонцæ Лескени бæгъатæр тугъдонти туххæй.

Лескени дзиллæ Фидибæсти сæрбæлтау гъуддæгути кæддæриддæр адтæнцæ раззæгти хæццæ, æвдистонцæ сæрæндзийнадæ. Уонæй еу – Хъарати Мæхæмæт. Устур Фидибæстон тугъди рæстæг æнæдузæрдугæй, æ цард иснивонд кодта æ тугъдон ихæс исæнхæст кæнгæй – уотемæй бунихæлд фæккодта, знаги танкитæ æма фестæгæфсæддонтæ кæбæлти цудæнцæ, еци над. Хъарай-фурти ном сæрустурæй хæссуй не скъола.

Абони нæ адæми бабæй багъудæй лæгдзийнадæ бавдесун, нæ Фидибæсти нихмæ архайæг знæгтæн карз нихкъуæрд раттун. Уой фæдбæл æнхæстгонд цæуй сæрмагонд æфсæддон операци.

Æма бабæй Лескени фæсевæд æнцæ раззагдæрти хæццæ. Гъулæггагæн, не ’мзæнхонтæй тохи будури фæммард æй Хæмицати Солтан. Знаги нæмуг бæгъатæр лæхъуæнæн æ цард раскъудта. Æ рамæлæти фæсте ин лæвæрд æрцудæй бæрзонд паддзахадон хуæрзеуæг. Æ еунæг æдзард хъæболи номбæл, ниййерæг мадæ скъоламæ æрбахаста бæлæстæ (туйæ). Нур Солтани номбæл аллейи ирæздзæнæнцæ тургъи.

Сæрмагонд æфсæддон операций æ тæккæ райдайунæй ба нури уæнгæ архайуй **Хъарати Давид**. Нуртæккæ ин фæлладуадзæни рæстæг ес, æма иссудæй æ фидиуæзæгмæ, æ райгурæн гъæу Лескенмæ, бабæрæг кодта æ уарзон скъола. Хъæбæр æхцæуæнæй ибæл исæмбалдæнцæ ахургæнгутæ æма скъоладзаутæ. Цæмæдесæй игъустан Давиди радзубандимæ. Куд базудтан, уотемæй дууæ хатти фæццæф æй, фал госпитæли фæсте бабæй æрлæудтæй æ тугъдон æмбæлтти фарсмæ. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Лæгдзийнади орден æма Жукови майданæй. Сувæллæнттæмæ дессаг фæккастæй, æртухсти бахаугæй, æхе цардбæл нæ сагъæс кæнгæй, Давид æ тугъдон æмбали уæззау цæфæй, фондз километри æ рагъи куд фæххаста, еци хабар. Беретæ си сæ цæстисугтæ дæр ма нæ бауорæдтонцæ, уомæн æма уоми, сæрмагонд æфсæддон операций абони архайунцæ сæ хеуæнттæ, сæ зонгитæ дæр.

Мадзали кæронбæттæни ба скъолай директор **Сагети Ларисæ** райарфæ кодта Давидæн:

– Дæхе багъæуай кæнæ, ци устур нисанмæ бæллетæ, е къохи бафтуйæд. Нæхемæ уæлахези хæццæ ку иссæуайтæ, уæд е махæн устур бæрæгбон уодзæнæй…

Æмбурд фæцæй, фал ма уæддæр скъоладзаутæ Давиди алливарс исæмбурд æнцæ, дзæвгарæ рæстæг ма ’й рафæрсæбафæрсæ кодтонцæ, лæмбунæг игъустонцæ æ дзубандимæ… Æхцæуæнæй мæ бон æй уотæ зæгъун, æма бæгъатæри хæццæ фембæлд рауадæй зæрдæмæдзæугæ, æнæферонхгæнгæ.

***ЦЪЕБОЙТИ Жаннæ,***
***Лескени астæуккаг***
***скъолай историй ахургæнæг.***

***Федералон бюджетæй нæ республикæн дехгонд æрцæудзæнæй фæрæзнитæ фиццаг къæпхæни сæкæрнезæй сæйгæ сувæллæнттæн глюкозæмæ еудадзуг цæстæ даруни системитæ æлхæнунæн. Зæгъæн, 4-17-анздзуд сæйгæ сувæллæнттæн радех кæндзæнæнцæ 7 миллиони æма 127 мин соми. Уæхæн системитæ ма райсдзæнæнцæ 2 анземæй 4 анзи уæнгæ сабийтæ, уонæн лæвæрд æрцæудзæнæй***



ТАХЪУЛТИ Урусхан (рахесæрдигæй фиццаг) æ тугъдон æмбæлтти хæццæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæг фронти.

# Æ БЕРÆ ХУÆРЗТÆ ИРОНХ НÆ ’НЦÆ!..



**ПЛАХТИЙ Сергей,**
Цæгат Иристони паддзахадон медицинон академий профессор

Цæгат Иристони паддзахадон медицинон институт (нури академи) каст ка фæцæй, уонæй æма æ ахургæнгутæй беретæ нимад æнцæ нæ республики интеллигенций нимаддæр минæвæртти хæццæ.

Уонæй еу адтæй медицинон наукити доктор, профессор Тахъулти Тæтæрхъани фурт Урусхан дæр. Финддæс анзей дæргъи æвæллайгæй фæккуста институти еумæйаг хиругий кафедри разамонæгæй. Ка ’й зудта, ке хæццæ куста æма æмбалдæй, уони зæрдити байзадæй куд ездон лæг, устур зæрди хецау, хуæдæфсармæ, хуæрзæгъдау, алæмæти дæсни дохтир, курухон хестæр.

Рæстуодæй уарзта адæми, сæ хæццæ цийнæ кодта сæ цийнæбæл æма сæ æнтæстдзийнæдтæбæл, сæ хæццæ тухстæй сæ зинтæбæл, æ зæрдæмæ хæстæг иста сæ гъигæ, сæ маст. Еузагъдæй, æ цард æнæгъæнæйдæр адтæй адæймаги царди сæрбæлтау уодуæлдай тох. Цал æма цал адæймаги фæййервæзун кодта уæззау незти адзалæй, берети ба си, зæгъун æнгъезуй, ратонидæ мæлæти дзæмбутæй!

Æз дæр æй уæхæн дессаги хуæрзæгъдау æма искурдиадæгин адæймагæй базудтон. Абони дæр æй имисун уæхæнæй. Æ хæццæ хæстæгдæр базонгæ дæн 1973 анзи. Уæд æз кустон медицинон институти паркоми секретарæй. Е дæр адтæй парткоми иуонг. Кæд мæнæй берæ хестæр адтæй, уæддæр хъæбæр балимæн ан. Ахид исæмбæлианæ æ хæдзарæмæ хæстæг Терки билæбæл. Нæ дзубанди хаттæй-хатт райеудагъ уидæ сауæнгæ æмбесæхсæвæмæ. Нæ еци фембæлдтитæ мин ахсгиаг уомæй адтæнцæ, æма мин æ дзоруйнæгтæ дессаги зундихуасæ иссæнцæ. Никки ба ма уони фæрци мин раргом æй, цæйбæрцæбæл дессаг рауадæй аци разагъди лæги цардвæндаг.

Тахъулти Урусхан райгурдæй Киристонгъæуи (нури Дигора) 1913 анзи. Исгъомбæл æй зундгонд, кадгин адæми ’хсæн. Æ зæрдæмæ хæстæг райста æ мади фидæ Гетъоти Елбиздихъой. Е хъæбæр арæхстæй адæми ’хсæн дзорунмæ. Адтæй сурх партизан, 1918 анзи бацудæй революцион парти «Кермен»-и рæнгъитæмæ, фæстæдæр ба Еугурцæдесон Коммунистон (большевикти) партий Мæхчески къуармæ, иссæй Сурх-Дигори гъæуи бундорæвæргутæй еу.

Æ фурт, Урусхани мади ’нсувæр Гетъоти Хаджумар – номдзуд революционер. Уой туххæй берæ æрмæгутæ мухургонд æрцудæй аллихузон историон æма аййевадон киунугути, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити. Æ революцион архайд адтæй идард Сибири. Уоми уорсгвардионти къохти бахаудтæй æма ’й етæ 1818 анзи сахар Читай фалдзости æверхъау мардæй рамардтонцæ. Рæстзæрдæй ке уарзта, æ еци дзиллæ ибæл искодтонцæ намуси зартæ. Æ ном лæвæрд æрцудæй колхозæн, цалдæр рауæнеми гъæунгтæн. Сибири, сахар Ачински Сурх-Дигори ин исæвардтонцæ циртдзæвæн.

Фал еу гъуддаг адæм бæлвурд нæ зонунцæ. Хаджумари бийнойнаг Юлия Закусило дæр адтæй революционер. Æ лæги ин ку фехстонцæ, уæд æ еунæг фурт Кермени хæццæ тухамæлттæй исхъæрттæй Дигорамæ, Хаджумари фиди хæдзарæмæ. Кермен æма Урусхан ирæзтæнцæ, гъомбæл кодтонцæ еумæ. Фæстæдæр Елбиздихъойæй, Хаджумари фидæй, муггаги хестæртæй барæ райсгæй, Юлия дуккаг хатт æрцудæй лæгмæ. Цардæй Украини. Ци сувæллæнттæ ин исæнтæстæй, етæ дæр сæхе финстонцæ Гетъоти муггагбæл. Рагацау æй зæгъон: Кермен æма Урусхан Устур Фидибæстон тугъди архайгæй, Ленинградбæл фашистон æртухсти рæстæги гъæуай кодтонцæ аци сахар, кæрæдзей тухxæй неци зудтонцæ, уотемæй. Гетъоти Хаджумари еунæг фурт бастъалдæй еци тугъдтити рæстæг, æностæмæ байзадæй еци тугъдæфхуæрд зæнхи.

Æ сабийбонтæ имисгæй, Урусхан уотæ дзурдта:

– Мæ ниййергутæ, мæ мади фидæ, æ цæуæт адтæнцæ фæллойнæуарзагæ. Еци менеугутæй æз дæр, æвæдзи, фæххайгин дæн. Æма мæ минкъийæй фæстæмæ бавзурстон уæззау куститæ. Ме ’мгæртти хузæн мæ гъазунмæ ахид нæ евдалдæй.

Æнзтæ кæрæдзей фæдбæл евгъудæнцæ... 1941 анзи Тахъулти Урусхан иссæй Ленинградi С.М. Кирови номбæл тугъдон-медицинон академий ахурдзау. Уой каст фæууогæй æма æфсæддон дохтири ном райсгæй, æрвист æрцудæй медгъуддæгути Адæмон Комиссаради æфсæдти 20-аг дивизимæ. Уæди рæстæги еци æфсæддон хай тох кодта немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ, «Невай гæппæл», зæгъгæ, ке худтонцæ, уоми. Е адтæй Дубровки рази Невай дони галеуварс минкъий зæнхи гæбазæ. Уордæмæ фашисттæ уойбæрцæ бомбитæ фæккалдтонцæ, дзармадзани нæмгутæ имæ уойбæрцæ «барвистонцæ» æма ’й исхудтонцæ «мæлæти будур». Еци уавæрти ами бæгъатæрæй тох кодтонцæ нæ фестæг æфсæддонтæ, денгизонтæ, артиллеристтæ, дохтиртæ. Ами тохи цæхæри адтæй Урусхан дæр.

Невай Дубровки фæсте Урусхан бафæразта Ленинградi æртухсти фудбонтæн. 1942 анзи ами бацудæй Коммунистон партий рæнгъитæмæ. Не ’фсæдтæ æртухсти цæг ку рарæмугътонцæ, уæд медицинон роти командир æрлæудтæй хирургти къуари сæргъи. Косун гъудæй цуппар операцигæнæн стъолебæл, агъаз ин кодтонцæ æ хуæдæййевæг æма цуппар медицинон хуæри. Уæхæн хабæрттæ дæр уидæ, æма тугъди бударæй цæфти æхуæдæг рахæссидæ.

Ленинградi фæсте Урусхани æ тугъдон нæдтæ ракодтонцæ Польшæмæ, Австримæ, Германимæ. Нæ Устур Уæлахез æй æрæййафта Берлинмæ хæстæг. Уæдмæ нæ тугъдон дохтирæн исаккаг кодтонцæ дууæ Сурх Стъалуй ордени, «Кади нисан»-и орден, берæ майдантæ.

Уæлахези 30 анзей бони Урусхани номбæл иссудæй æвдесæндар, «Невай Дубровки ветеранæн». Уоми уотæ финст адтæй: «Райгурæн бæстæ æма Ленинград гъæуайгæнæг, Невай æрдхуæрæни «гæппæл»-и тугъдтити архайæгæн». Еци гæгъæди Урусхан нимадта устур хуæрзеуæгбæл.

Уой фæсте Урусхан æ бийнойнаг, тугъди ветеран Антонини хæццæ Невай билæбæл, Невай гæппæлбæл ахид исæмбæлиуонцæ сæ тугъдон æмбæлтти хæццæ.

Тахъулти Урусхан 1948 анзи æ ахури гъуддаг идарддæр рахъæртун кодта Цæгат Иристони медицинон институти. Еци анз иссæй ординатор, анзи фæсте ба – онкологон диспансери сæйраг дохтир, еци-еу рæстæг адтæй еумæйаг хирургий кафедри ассистент дæр.

...Профессори кафедри размæ æрлæудтæй Тахъулти Тæтæрхъани фурт Урусхан. Студенттæ ниссабур æнцæ. Еу сибиртт дæр не ’гъусуй. Дзоруй устур ахургонд, педагог, Цæгат Иристони науки æскъуæлхт архайæг, медицинон наукити доктор, профессор, еумæйаг хирургий кафедри сæргълæууæг. Æ лекций темæ æй ахсæни рак æма æ хирургион æгъдауæй дзæбæх кæнуни мадзæлтти тухxæй. Студенттæ игъосунцæ лæмбунæг, сæ тетрæдти финсунцæ профессори, сæ уарзон ахургæнæги алли гъуди дæр. Кафедри уæхæн æгъдау ес: студенттæн устур аргъ кæнæ, дæ зонунддзийнæдтæ æма фæлтæрддзийнадæй син æгириддæр маци æвгъау кæнæ, цæмæй си уой фæсте ба арф зонундзийнæдтæ агорай. Уой студенттæ дæр æма ахургæнгутæ дæр бæлвурд зудтонцæ еугурæйдæр.

Урусхани лекцити хуæрзгъæдæддзийнадæ уой медæгæ адтæй, æма еумæйаг хирургий берæ фарстатæ рартаста æхуæдæг. Раки незихатт бауæри алли хæйтти бæрæг кæнгæй, лæмбунæг фæккастæй 966 сæйгемæ. Лæмбунæг сæ рартаста æма æ бæрæггæнæнти бундорбæл ниффинста устур ахсгиаг куст: «Раки рæсуд æма рæсуд лимфи тухxæй». Ахсæни раки еугур еци бæрæггæнæнтæ æма æ дзæбæх кæнуни мадзæлттæ Урусхан æрæмбурд кодта еу агъазиау æрмæги, æма си берæ фудæбæнтти фæсте, рауадæй дессаги диссертаци. Æнтæстгинæй æй багъæуай кодта 1963 анзи Ленинградi дохтирти зонундзийнæдтæ уæлдæр кæнуни институти. Æдеугурæй ба Урусхан ниффинста цуппаринсæй наукон кусти æма æртæ монографий...

Лекци фæцæй, фал аудиторийæй рандæ унмæ неке тагъд кæнуй. Студенттæ æрбамбурд æнцæ профессори алливарс. Байеудагъ син æй зæрдибун дзубанди. Урусханæн ес, æ гъомбæлкæнуйнæгтæн ци зæгъа, е. Дууинсæй анзей дæргъи фæккодта ахургæнæги, дохтири æма æхсæнадон куст...

Устур ахургонд Тахъулти Урусхан, наукæбæл еузæрдиуон, æновуд уогæй, кæддæриддæр хуæст адтæй æхе зундбæл, æхе гъудибæл, уомæн æма имæ етæ куд тæвдхæлæфæй нæ

**Сабати, 23 декабри бæрæггонд цæуй бийнонти уедæгти Бон. Е ни алкæмæн дæр хуарз равгæ ’й æ бийнонти карни хабæрттæ бундорондæрæй базонунæн.**

*266 мин соми. Сæкæрнезæй сæйгæ сувæллæнттæмæ сæкæри бæрцæмæ еудадзуг цæстæ дарун гъæуй – уотемæй равгæ уодзæнæй багъæуаги син сæ бауæрмæ инсулин афойнадæбæл бауадзунæн. Системитæ 'нцæ тестити хæццæ, сутки дæргъи адæймаги бон æй глюкозæй æмвæзадæмæ цæстæ дарун, е 'змæлд ин æнкъарун, сæйгити царди хуæрзгъæдæдзийнадæбæл е фæббæрæг уодзæнæй.*



фæззинниуонцæ, фал сæ исбæлвурд кæнидæ лæмбæнæг расагъæстæ кæнуни фæсте. Е некæд бæлдтæй мухури уотид фулдæр куститæ рауадзунмæ. Сæдæ уæлæнгай æрмæгей бæсти, дан, дæс бундорон арф кусти хуæздæр æнцæ.

Урусхан уотæ гъуди кодта: наукæмæ гъæуама цæуонцæ æцæгæйдæр зонундзийнæдтæмæ ка бæллуй, æ цард ин иснивонд кæнунмæ цæттæ ка 'й, уæхæн искурдиадæгин адæм. Фал наукæмæ айдагъ ахургонди ном райсуни туххæй ка æмпурсуй æма æхецæй ка ниббоз уй, етæ ба ин неци пайда æрхæсдзæнæнцæ.

Урусхан алкæддæр адтæй, куд фæззæгъунцæ, царди гулфæнти. Ци гъуддаг кодта, уой – разæнгардæй, бундоронæй. Мæнæ уотæ кæмæй фæззæгъунцæ, адæми фарнæй хайгин æй, зæгъгæ, раст уæхæн адæймагæй зудтан Урусхани. Зæрдхæлар, ездон уогæй, домагæ адтæй æхецæй дæр æма иннетæй дæр.

Гъуддаг уотæ рауадæй, æма Тахъулти ахургонди 1954 анзи исæвардтонцæ Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрæй, æма си æнтæстгин куст фæккодта 1957 анзи уæнгæ. Равзурстонцæ 'й ССР Цæдеси Сæйраг Совети депутатæй дæр, уæдта ма адтæй нæхе республики Сæйраг Совети депутат дæр. Цалдæр анзи куста Иристони хирургти наукон æхсæнади хецауæй, æвæлмæцгæй консультацитæ æма практикон амундтитæй агъаз кодта айдагъ нæхе республики районти медицинон косгутæн нæ, фал Кæсæг-Балхъари æма Цæцæн-Мæхъæли районти дæр. Æхе некæд райеуварс кодта институти партион комитети кустæй дæр. Наукон æма æхсæнадон кусти зæрдиагæй ке архайдта, уой туххæй æй 1979 анзи фиццæгти хæццæ бахастонцæ Цæгат Иристони медицинон институти Кади киунугæмæ.

Еухатт, мæ хæццæ дзубанди кæнгæй, Урусхан æ царди туххæй уæхæн гъудитæ загъта:

– Фиццагидæр, мæхе бафæрсун: цума царди мæ бунат раст равзурстон? Комкоммæ ин дзуапп раттун зин æй. Еуæй-еу хатт мæ фæффæндуй зæгъун: «Гъо, раст бакодтон. Дуккагæй ба, цума, мæ бон ци адтæй, уони еугурæйдæр искодтон? Нæ! Кæд берæ кустон, мæхебæл нæ аурстон, уæддæр. Æртиккагæй, арази дæн, ци исаразтон, ци мин бантæстæй, уомæй? Нæ, уæлдайдæр ба, науки, еци дзуаппитæмæ, мæнмæ гæсгæ, бафтауæн нецибал ес...»

Тахъулти Урусхани хæццæ алли сæумæ дæр фембæлианæ Дзæуæгигъæуи Терки билгæрæнтти, алке ни æ гъуддæгути фæдбæл ку цæуидæ, уотемæй. Уомæн æ над уидæ клиникæмæ. Уоми æ куст райдайидæ е 'мгустгæнгути хæццæ цубур æмбурдæй. Дæс сахаттебæл ба операцигæнæн уати дуари сæрмæ иссодзидæ цирагъ æма си разиннидæ финст: «Сабур. Ами кæнунцæ операци». Профессор Тахъулти Урухсан æ агъазгæнгути хæццæ тохи бацæуидæ адæймаги æ нези адзалæй фæййервæзун кæнунбæл, фулдæр хæттити ба 'й, зæгъун æнгъезуй, мæлæти цъухæй ратонунбæл, æма 'й зæрдрохс цардмæ раздахунбæл.

...Æгæр раги рахецæн æй Урусхан аци рохс дуйнейæй. Рамардæй 1980 анзи 66-анздзудæй. Адæмæй иронх нæй. Уæдта 'й некæд феронх кæндзæнæнцæ. Уомæн æма син берæ хуæрзти бацудæй. Уомæн æма æ цард æнæгъæнæй адтæй адæми сæрбæлтау æскъуæлхтдзийнадæ.


Уæззау æма бæрнон адтæй тугъдон дохтири куст Устур Фидибæстон тугъди рæстæг фронти.

# ÆМЗÆРДÆЙ АРАЗТОНЦÆ СÆ КАРНÆ


ТАХЪУЛТИ Урусхан


ТАХЪУЛТИ Антонинæ

Нæ номдзуд адæймæгутæй еу, Тахъулти Тæтæрхъани фурт Урусхани имисгæй æ карни хабæрттæ æма цаути туххæй уойбæрцæбæл лæмбунæг ке æрдзурдтан, уомæй раст ан – æ цардвæндагбæл æдзæстхезæй рацæугæй, нæ дзиллæн рæстуодæй лæггадæ кæнгæй, уæдта ибæл нæ цардиуагæмæ ци ихæстæ æвæрд цудæй, уони æнаййеппæй æнхæст кæнгæй, е уæхæн кади аккаг уни барæ, куд фæззæгъунцæ, æхе хъаурæ æма зунди фæрци бакуста. Никки растдæр уæд уодзинан, æма еудадзуг æ фарсмæ ка адтæй, разæнгардгæнæг æма ин нифсдæттæг ка адтæй, царди вазуггин хабæрттæ еумæйагæй ке хæццæ аразта, еци адæймаги дæр ку æримисæн, уæд – æ цардæмбал Антонини, Пучкин Михаили кизги. Урусхан æма Антонинæ сæ цард байеу кодтонцæ 1941 анзи мартъий мæйи. Уæхæн æригонæй сæмæ берæ рæсугъд фæндитæ куд нæ адтайдæ, сæ райдзастдæр исонибонмæ куд нæ бæлдтайуонцæ. Фал син си уæд, гъулæггагæн, неци рауадæй – цанæбæрæг рæстæг рацудæй æма райдæдта Устур Фидибæстон тугъд... Дууемæй дæр 1941 анзи сентябри мæйи рандæнцæ цифуддæр знаги нихмæ тугъди будурмæ. Æрвист æрцудæнцæ Медгъуддæгути Адæмон Комиссаради (НКВД-ий) æфсæдти 20-аг æхсæг дивизимæ. Советон æфсæдтæ 1941 анзи 10 июлмæ цæгатнигулæн æрдæги фæстæмæ рацудæнцæ 500 километрей бæрцæ æма сæ фæсте ниуууагътонцæ, зæгъæн ес, Прибалтикæ æнæгъæнæйдæр... Еци анзи 8 сентябри мæйи ба блокади бахаудтæй Ленинград.

Блокади дæргъвæтийнæ, уæззауæйуæззаудæр рæстæги айдагъ сахари цæргутæ æма уой гъæуайгæнгутæ нæ, фал нæ еугур Фидибæстæ дæр кæмæ бæлдтæнцæ æма æнæмæнгæ ралæудзæнæй, зæгъгæ, хъæбæр федарæй кæбæл æууæндтæнцæ, еци бон ралæудтæй – 1943 анзи 18 январи, хъæбæр æнгъæл кæмæ кастæнцæ, еци бон – Ленинградаг фронт байеу æй Волховскаг фронти хæццæ. Æма гъе уотемæй немуцаг-фашистон æрбалæборæг æрдонгтæ сæ зæрдæ уотæ хъæбæр кæбæл дардтонцæ, гъома, уой фæрци Ленинград æрсæтдзинан, зæгъгæ, еци блокадæ батудтонцæ. Еци тугъдтити архайгути æмрæнгъæ бæгъатæрæй архайдтонцæ æфсæддон дохтир Тахъулти Урусхан æма æ цардæмбал медицинон хуæрæ Тахъулти Антонинæ дæр.

Изолдæр Тахъулти бийнонти тугъдон над райеудагъ æй Польшæй ба Германий уæнгæ. Архайдтонцæ польшæйаг сахар Краков исуæгъдæ кæнунбæл тугъдтити. Сæ тугъдон над фæцæй Берлинмæ хæстæг. Цитгин Уæлахези бонбæл дæр уоми исæмбалдæнцæ. Цубур рæстæги фæсте Тахъулти бийнонтæ æрвист æрцудæнцæ Австримæ, фæстæдæр ба Венгрий 514-аг медицинон санитарон батальонмæ. Урусхан нисангонд æрцудæй хирургæй. Сабур, фæстугъд рæстæг, гъай-гъайдæр, зингæ æнцондæр косæн адтæй. 1946 анзи уалдзæги, санитарон батальон ци дивизий хæццæ адтæй, е æййивд æрцудæй Украинæмæ.

Фæстæдæр ба, 1947 анзи июни мæйи Тахъулти æмкъайонтæ рацудæнцæ Сурх Æфсади рæнгъитæй æма æрцардæнцæ Дзæуæгигъæуи. Ами медицинон институти ассистентæй райдайгæй, Тахъули-фуртæн æ хъазауатон фæллойни фæрци цубур рæстæгмæ дессаги зингæ æскъуæлхтдзийнæдтæ бантæстæй – хумæтæг ассистентæй райдайгæй, «исирæзтæй» Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри уæнгæ. Æнтæстгинæй кодта зингæ наукон-æртасæн куст дæр. 1954 анзи иссæй медицинон наукити кандидат, 1963 анзи ба доктори диссертаци багъæуай кодта – зæгъун гъæуй уой, æма е адтæй фиццаг цæгатиристойнаг хирург, кæци иссæй медицинон наукити доктор. Лæвæрд ин æрцудæй профессори ном. Æ тугъдон хуæрзеугутæ Фидибæстон тугъди II къæпхæни орден, Сурх Стъалуй дууæ ордени æма цуппæрдæс майданебæл ма бафтудæй, сабур царди рæстæги æ хъазауатон фæллойни туххæй дæр ин ци цалдæр цитгин хуæрзеуæги исаккаг кодтонцæ, етæ дæр.

Тахъулти Урусхани цардæмбал Антонинæ дæр хуарзæнхæгонд æрцудæй Фидибæстон тугъди II къæпхæни æма Сурх Стъалуй ордентæй, финддæс майданемæй. Фæстугъд изолдæр куста æ равзурст дæснийадæбæл.

Куд æгъдаугин æма фæнзуйнаг дууæ цардæмбали, уотæ исгъомбæл кодтонцæ дууæ фурти. Етæ дæр, сæ ниййергути хузæн, дохтири дæсниадæ равзурстонцæ.

***ГУЛУНТИ Наталья***

**Дессаги зæрдтагон бæрæгбон бæрæггонд цæудзæнæй 28 декабри – хуннуй «Де 'рдхуардмæ бадзорæ!..» Е уин равгæ 'й кæрæдзей зæрдитæ хуарз хабæрттæй барæвдаунæн.**

**Завтрак позже 9 утра и еда на ночь повышают риск развития заболеваний сердца и сосудов. Кроме того, поздний ужин и меньшая продолжительность ночного голодания увеличивают вероятность инсульта и других цереброваскулярных заболеваний. К такому выводу пришла группа ученых из парижской Сорбонны и двух испанских университетов. Результаты исследований опубликованы в журналах Nature Communications.**

## АМОНДАГОРÆГ, АМОНД КÆМИ ÆЙ, УОЙ КУ ЗОНИДÆ, УÆД ÆЙ РАЙАГОРÆ-БАЙАГОРÆ НÆ КÆНИДÆ!..



# НИВГУН АДÆЙМАГ ДÆ?..

**1. Царди къулумпидзийнадтæй тæрсис?**
а) Нæ. б) Циуавæр уонцæ, уомæ гæсгæ. в) Гъо.

**2. Арази дæ уобæл, æма нивгунæй неке райгуруй, фал уой фæсте исамондгун уй алкедæр.**
а) Аллихузти. б) Гъо. в) Алке нæ.

**3. Дæхе цардбæллонбæл нимайис?**
а) Гъо. б) Еугур гъуддæгути нæ. е) Нæ.

**4. Дæумæ гæсгæ, æрдзон æстæфтитæ уæддæр ескæд исæнхæст унцæ?**
а) Айдагъдæр си цийнæхæссæг ка 'й, етæ. б) Кæми куд. в) Айдагъдæр фуддзийнадтæ.

**5. Ескæд ди еске ести радавта?**
а) Нæ. б) Минкъий цидæртæ. в) Адтæй уотæ дæр.

**6. Æхцатæ ескæд иссирдтай?**
а) Гъо. б) Листæгутæ. в) Нæ.

**7. Царди алцидæр карни дæлбарæ 'й?**
а) Гъо. б) Айдагъ уой хæццæ нæ. в) Æркæсгæй æй.

**8. Дæ сабийдогæбæл ахид ферхун кæнис?**
а) Нæ. б) Еуæй-еу хатт. в) Нæ.

**9. Лотерейæй ескæд рамулдтай?**
а) Гъо. б) Цидæр нецитæ. в) Нæ.

**10. Ести бæрнон гъуддаги бацæунмæ дæ нифс хæссис?**
а) Нæ. б) Циуавæр гъуддаг уа, уомæ гæсгæ. в) Нæ.

**11. Уарзис рæусæнтти цæмæдæр бæллун?**
а) Цæмæ, уомæ гæсгæ 'й. б) Хатгай. в) Гъо.

**12. Ци куститæ райдайис, уонæми æнтæстгин уодзæнæ, зæгъгæ, е ди алкæддæр феруагæс кæнуй?**
а) Гъо. б) Æркæсгæй æй. в) Нæ.

**13. Тукани дæ ахид расайунцæ?**
а) Некæд. б) Листæгутæй. в) Хъæбæр ахид.

**14. Нивæ айдагъдæр тухæ æма хъаурæй аразгæ 'й?**
а) Айдагъ уонæй нæ. б) Мæнмæ уотæ кæсуй. в) Гъулæггагæн, гъо.

* * *

Кæд дзуæппити хузтæй «а» дæ зæрдæмæ хъæбæрдæр фæццудæй, уæд нивæ дæ цæдесон æмбал æй. Уæлдай æхцатæ дæмæ ку уа, уæд, æнæмæнгæ, дæ над хæстæгдæр киоскбæл ракæнæ æма си лотерейи билет балхæнæ. Уогæ дин царди амондгун «билеттæй» æнæуойдæр фагæ хъæртуй. Уæдта кæд дæ гъолæ сах багарæ 'й, уæд æнтæститæ дæр æфтуйдзæнæй дæ къохи, айдагъдæр сæмæ цæрдæг лæууæ.

Вариант «б» дзорæг æй, нивæ дæ рæзти ке нæ евгъуйуй, уобæл. Айдагъдæр ди иронх макæд уæд, еци «нивæ» бостæгæнагæ ке æй æма æ хæццæ фембæлунæй дæхе ку нæ римæхсай, уæд дæбæл е дæр ахидæй-ахиддæр æмбæлдзæнæй. Фæстеггæй ниууадзæ листæг миутæ æма æнцон царди фæззелæнтæ, фал дæ нисанмæ ба тундзæ.

Кæд вариант «в» ахиддæр æмбæлуй дæ царди, уæд е ба уобæл дзорæг æй, æма царди ниви хæццæ дæ рахастдзийнадтæ бустæги æмбаст ке нæма 'нцæ, уобæл. Е рæстæгмæ гъуддаг æй. Дæхебæл ку архайай, уæд, гæнæн ес, æма фæстагмæ исуай хъæбæр амондгун адæймаг.

Райдайун ба гъæуй дæхебæл æууæндундзийнадæй, дæ цæрæццагдзийнаде фулдæр æма æнхæстдæргæнгæй.

## НÆДТÆБÆЛ ХУÆДТОЛГИТÆЙ ЦÆУНИ ÆДАСДЗИЙНАДИ ФАРСТАТÆ

# ДÆХУÆДÆГ ДÆХЕ КУД БАГЪÆУАЙ КÆНАЙ...

Акци «Хуæдтолгæ æскъæруни рæстæг нæ ниуазун» æнхæст кæнгæй, хуæдтолгæ æрвонгæй æскъæрун ке гъæуй, уой цæгатиристойнаг автоинспекций косгутæ хуæдтолгæ æскъæргути зæрдæбæл æрлæууун кодтонцæ.

Фæндаггон-транспортон бæлæхтæ тæккæ ахиддæр ке фудæй æрцæунцæ, еци карз ниуæзтæй надбæл цуди еугур архайгути цард æма æнæнездзийнадæн тæссаг фæууй.

Ниуæзтгун æскъæргути архайди хæццæ фæндаггон-транспортон бæлæхтæй адæми багъæуай кæнунæн Алагири районы автоинспектортæ, надбæл цуди фæтки пропаганди инспектор, пъæлици хестæр лейтенант Бигъулати Марини хæццæ еумæ надбæл цуди архайгути хæццæ профилактикон дзубанди кодтонцæ. Расугæй хуæдтолгæ æскъæрун ке не 'нгъезуйуй, барадæргъæуайгæнгутæ надбæл цæугути зæрдæбæл уой æрлæууун кодтонцæ.

Хуæдтолгæ æскъæрæги æрвонгдзийнадæй, надбæл еугур цæугути æдасдзийнадæ аразгæ ке æй, уой туххæй хабар фегъосун кæнгæй, дзубандий рæстæг



автоинспектортæ адæмæн зæрдæбæлдарæн финстæгутæ равардтонцæ. Ниуæзтгунæй транспортон фæрæзнæ æскъæргæй, адæймагæн æ бон æййевгæ фæндаггон уавæр тагъд рахатун ке нæ фæууй, уой нимайгæй, уæззау фæстеугути хæццæ фæндаггон-транспортон бæлæхти фулдæр хай æрцæуй адæймаги сæри магъзи кустбæл лæгъузæрдæмæ ахедæг карз ниуæзти фудæй.

Уæ зæрдæбæл уин лæууун кæнæн: ниуæзтгунæй транспортон фæрæзнæ æскъæрæг адæймаги фæивæргæнæн ес 30 мин сомемæй, уæдта е 'скъæрæги æвдесæндарæй фæццохгæнæн ес 1,5-2 анзей æмгъудмæ.

Расугдзийнади фæдбæл медицинон æртасунади рацæунбæл не 'сарази уни цау банимайæн ес ниуæзтгунæй транспортон фæрæзнæ æскъæрунадæбæл. Дуккаг хатт ниуæзтгунæй транспортон фæрæзнæ æскъæруни туххæй адæймагæй Уголовон кодекси 264.1-аг статьямæ гæсгæ бадомæн ес уголовон бæрнондзийнадæ.

Хуæдтолгæ æскъæргутæ зæрдæ байвардтонцæ надбæл цуди фæткæ лæмбунæг æнхæст кæнунæй æма расугæй транспортон фæрæзнитæ æскъæруни туххæй хабæрттæ æнæмæнгæ барадæргъæуайгæнгутæн игъосун кæнунæй.

*Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланий медгъуддæгути Министради пресс-службæ*

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. «Брусилови ратунд» («Брусиловский прорыв»), зæгъгæ, ке хонунцæ, еци тугъдон мадзали рæстæг 1916 анзи Уæрæсей императорон æфсадæн бантæстæй размæ зингæ бампурсун:**
**а)** Галиций; **б)** Померании; **в)** Верденти фалдзос.

**2. Норвегий сæйраг сахар Ослой студентти æмдзæрæни æвæрд ес цирдзæвæнгонд канцелярон гæрзтæй еуемæн. Кæцимæн?**
**а)** Гибуйæн; **б)** Федаргæнæнæн (скрепкæн); **в)** Степлерæн.

**3. Дессаг æй, фал Ютæ ке хонунцæ, еци америкаг штати еугур рауæнти дæр æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнагбæл нимад æй «сухæ закъон» – нæ си æнгъезуй карз ниуæзтæ ниуазун. Уомæн æма си ка цæруй, уонæн сæ фулдæр æнцæ мормонтæ, кæцитæ хуæст æнцæ æнæнез цардиуагæбæл. Фал уæддæр 2002 анзи цубур рæстæгмæ си еци закъони архайд уорæд æрцудæй. Цæй фæдбæл, уанæбæрæг ци 'рцудæй?**
**а)** Апокалипсис. **б)** Олимпиадæ. **в)** Æвзурститæ.

**4. Европи тростникæй конд сæкæр ку нæма фæззиндтæй, уæд хуæруйнаг фæййадгиндæр кæнунæн пайда кодтонцæ гъæддаг халсарæй, кæци зингæ пайдадæр адтæй адæймаги æнæнездзийнадæн. Циуавæр халсар адтæй?**
**а)** Хрен. **б)** Къумбул. **в)** Æпхæ.

**5. «Уæрæсейæн ес айдагъдæр дууæ æмцæдесони – е 'фсад æма æ флот!..» Уæрæсей паддзæхтæй уотæ ка загъта?**
**а)** Александр I; **б)** Николай I; **в)** Александр III.

**6. Рагон бердзейнаг дензисон Хуцауæн адтæй уосæ, кæций худтонцæ:**
**а)** Афродитæ; **б)** Европæ; **в)** Амфитритæ.

* * *

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 47-аг номери мухургонд фарстатæн.**

**1.** Константин Рокоссовский. **2.** Михаил Кутузов. **3.** Екатеринæ. **4.** Картоф. **5.** Бирми.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2814**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 22.12.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 22.12.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**